



Vèsyon 12/2022

Edikasyon Sou Nitrisyon

AVI:

ITILIZE PWODUI SAA SELMAN KÒM YON PATI NAN REJIM POU EDE KONTWOLE SENTOM DYYARE YO.
PWODUI SAA SE PA YON TRETMAN MEDIKAL POU SA KI KOZE DYARE YO.
YON DYARE KI PÈSISTAN KA YON MENAS POU LAVI E SA MANDE TRETAN MEDIKAL POU KÒZ LA.



MannaPack® Pòmdetè-D



MannaPack® Pòmdetè-D

KONESANS POU FOMASYON FOMATE YO

Selon Òganizasyon Mondyal Lasante, maladi dyare se dezyèm koz prensipal lanmò timoun ki nan laj ki pi piti ke 5 lane avèk prèske 1.7 milya ka chak ane. Yon gwo pati nan pwoblèm saa ka prevni a travè apwovizyonman dlo potab, bon jan asenisman ak pratik lijyèn. Dyare kay timoun debouche byen vit sou malnitrisyon akoz tout likid ak eleman nitritif ke yo pèdi nan dyare a.

Òganizasyon Mondyal Lasante defini dyare tankou "lè ou bay yon twalèt ki lach oubyen ki pi dlo ke jan sa konn ye nòmalman pou yon moun pandan 3 fwa ou plis nan yon jounen". Definisyon saa pa fòseman aplike pou timoun ki nan tete yo ki konn souvan fè yon poupopou ki lach oswa ki lakòl. Dyare se yon sentom komen enfeksyon nan trip ki ka simaye a travè dlo oswa manje ki kontamine oswa de moun a moun lè kondisyon lijyèn yo pa respekte.

Prevansyon kont dyare genyen ladan l itilizasyon dlo potab, bon jan asenisman ak lavaj men.

Yon priyorite nan tretman dyare se reyidratasyon. Yo itilize sewòm oral pou remete likid nan kò a. Yo gen ladan yo yon melanj dlo pwòp, sik ak sèl. Òganizasyon Mondyal Lasante rekòmande tou pou ajoute "Zen" pou ka redui dire dyare a e amelyore jan pou moun yo reprann yo. Yon pati nan jan pou yon moun retabli mande pou moun lan rasire l ke l kontinye manje manje ki gen anpil nitrisyon, e gen ladan l tou lèt manman pou ti bebe yo.

MannaPack® Pòmdetè-D te fèt pou l mache selon rekòmandasyon Òganizasyon Mondyal Lasante yo epi yo prevwa itilize l tou pandan reyidratasyon pou redui sentòm dyare yo. Li baze toupi sou gid sou zafè rejim (sa pou moun manje) ke pwofesyonèl lasante yo konn bay pou ka redui e kontwole dyare. Li gen ladan l pòmdetè seche ak pwoteyin soja (yon pwa ki byen fèmante) pou redui pèt likid yo, ansanm avèk zen ki ajoute a ak lòt vitamin ak mineral ki pèdi pandan dyare a.

ATANSYON: MannaPack® Pòmdetè-D dwe konsidere tankou yon manje terapeutik siplémentè ke moun dwe itilize sèlman nan ka dyare. MannaPack® Pòmdetè-D se pa yon manje siplémentè ki jeneral e moun ki pa gen dyare nan moman an pa dwe manje paske li ka lakoz konstipasyon ak malèz pou timoun ak granmoun ki pa gen dyare. A nenpòt moman ke sentom dyare a tonbe, yo pa dwe kontinye ap itilize MannaPack® Pòmdetè-D.

Referans : Òganizasyon Mondyal la sante. "Diarrhoeal disease". Me 2017. Disponib sou <https://www.who.int/news-room/fact-sheets/detail/diarrhoeal-disease>

Resous: Òganizasyon Mondyal la sante. The Management and prevention of Diarrhoea: practical Guidelines.1993. Disponib sou: https://www.who.int/iris/bitstream/handle/10665/37036/9241544546_eng.pdf



Vèsyon 12/2022

Kilè pou yo itilize MannaPack® Pòmdetè-D

KONSÈP:

Dyare se lè ou bay yon twalèt ki lach oubyen ki pi dlo ke jan sa konn ye nòmalman pou yon moun pandan 3 fwa ou plis nan yon jounen. Dyare ka lakoz dezidratasyon. Move dyare tankou kolera, ka lakoz gwo pèt nitrisyon ak dezidratasyon ki ka lakoz lanmò. Prevansyon ak tretman se yo ki pi enpòtan kay timoun ki pa gen anpil kantite dlo ak nitrisyon nan kò yo.

Pandan ke li enpòtan pou trete koz dyare a, tankou founi medikaman pou enfeksyon nan trip yo, li ijan pou trete sentòm dyare a pou ka bay tan pou tre man medikal yo mache e pou moun yo reprann yo.

Tretman sentomatik ki pi enpòtan an se diminye dyare a epi retabli pèt likid ak nitrisyon yo. Tretman ki pi enpòtan se pou remete likid yo nan kò, ki gen ladan l apwovisyònman dlo ki potab e pwòp avèk kèk eleman nitritif ki pèdi pandan dyare a. Sewòm oral kapab fèt ak dlo pwòp e ki potab, sik ak sèl. Pou fè sewòm oral lakay nou, nou ka delye 6 ti kiyè sik, on ti demi kiyè sèl nan yon lit dlo ki pwòp e potab.

Dokiman ki gen konsiy ke Sant pou kontwole maladi nan Etazini (1) ak Òganizasyon Mondyal la sante bay sigjere ke moun yo dwe kontinye manje e yo pa dwe gen restriksyon. Kèk konsèy dyetetik tipik pale de manje manje ki fasil pou dijere, tankou diri ak pòmdetè. Li enpòtan pou kontinye pran ase pwoteyin, tankou vyann, vyann bêt volay yo, pwason, ak/oswa soja (yon sòt de pwa prepare). Epitou, li enpòtan pou remete nan kò a vitamin ak mineral ki ka te pèdi pandan dyare a. Yon moun ki gen dyare dwe kontinye manje pou anpeche dyare a vin pi mal lè kò a pa gen ase manje.

1.- CDC. Managing acute gastroenteritis among children : oral rehydration, maintenance, and nutritional therapy. MMWR.2003.

<https://www.cdc.gov/mmwr/pdf/rr/rr5216.pdf>

2.- OMS. Factsheet : Diarrhoeal disease 2017. <https://www.who.int/news-room/fact-sheets/detail/diarrhoeal-disease>

MannaPack® Pòmdetè-D kapab prepare e distribiye pa tikal pou ede kontwole sentom dyare yo pou soulajman tanporè e pou l ka ralanti pèt likid ak eleman nitritif pandan yap bay tretman pou koz dyare a.

GID POU FÒMATÈ:


Kisa w wè nan imaj saa yo?

Repons yo ka:

- Dyare ka lakoz dezidratasyon (lè w pèdi likid) epi pèt nitrisyon. Sewòm oral kapab fèt lakay ou ak dlo ki pwòp e trete, sik ak sèl.
- Moun ki gen dyare dwe kontinye manje.
- MannaPack® Pòmdetè-D ka prepare pou ede nan jesyon rejim pou sentom dyare yo.



Vèsyon 12/2022



MannaPack® Pòmdetè-D

Fason pou estoke MannaPack® Pòmdetè-D, Bwat ak pakèt



Vèsyon 12/2022

KONSEP:

MannaPack® Pòmdetè-D dwe estoke sou planche, lwen mi yo, nan yon pyès kay kote van oswa lè ka rantre. MannaPack® Pòmdetè-D dwe pwoteje kont ensèk ak bêt wonjè e l pa dwe bò pwodui chimik ki toksik. MannaPack® Pòmdetè-D dwe estoke nan yon plaka oswa pyès kay ki fèmen.

GID POU FÒMATÈ:

Kisa ou wè nan imaj yo ki nan premye ranje a?

Repons yo ka: moun yo ap mete pake ak bwat la sou yon tab ki sou planche a ki ka rete nan yon chanm kay. Yo pa dwe met bwat la atè a.

Kisa w panse kalandriye a ye?

Repons yo ka: pwodui a dwe estoke e itilize avan 18 mwa.

Poukisa ou panse yo dwe mete pwodui a sou yon bagay ki sou planche a?

Repons yo ka:

- Pou kenbel an sekirite kont atak bêt (ensèk ak wonjè) e pou dlo ak lòt bagay ki atè a pa domaje l.
- Si bêt atake pwodui a, fòk yo jete l byen lwen.

Nan enstitisyon pa w, èske w estoke manje w yon kote ki an sekirite ? eskew dwe toujou fèmen l yon kote?

Repons yo ka: pou enstitisyon nou, manje yo ka bezwen fèmen yon kote pou anpeche vòlè. Lè nou voye manje yo lakay nou, nou pa oblige fèmen l yon kote.

Kòman ou panse yo ta dwe estoke oswa konsève pwodui ki ouvè déjà?

Repons yo ka: Fòk nou sele anlè a byen sere ak zip ki fèt pou sa epi/oswa konsève l nan resipyen ke dlo pa ka pèse epi ki gen kouvèti.

Kisa ou dwe fè si pwodui a vin jòn oswa yon koulè pi fonse oswa si poud la fè boul?


Repons yo ka: Koulè pwodui a chanje lè pwodui a estoke pandan anpil tan oubyen lè l estoke yon kote ki gen gwo chalè. Sa pa fè pwodui a pa bon ankò e yo ka kontinye itilize l.

Kisa ou dwe fè si pwodui a gen mwazi oswa si gen ensèk oswa arenyen ki tonbe ladan l?

Repons yo ka: Si genyen mwazi oswa si genyen ensèk oswa arenyen, sa vle di ke pwodui a kontamine e yo pa dwe kontinye itilize l.



Vèsyon 12/2022



MannaPack® Pòmdetè-D

Fason pou prepare MannaPack® Pòmdetè-D pwòp



KONSEP:

Tout manje fèt pou prepare pwòp epi ak lijyèn. Nan preparasyon ou dwe ajoute dlo pwòp oswa lòt likid ki pwòp nan MannaPack® Pòmdetè-D a epi ou dwe brase yo pou mele yo.

GID POU FÒMATÈ:

Kisa ou wè nan ranje anlè imaj la?

Repons yo ka:

- *Espas, chodyè (oswa mamit), kiyè, tas ak bòl pwòp.*
- *Men kap pwòpte (oswa lavaj men).*

Kisa ki dwe pwòp pou yo prepare MannaPack® Pòmdetè-D?

Repons yo ka: *Tout espas yo, chodyè yo, materyèl kizin yo ak men yo.*

Poukisa li enpòtan pou gen espas ki pwòp, chodyè ak lòt materyèl kizin, ak men ki pwòp avan nou prepare manje?


Repons yo ka: *Pou n ka rasire ke manje a pwòp e l pap fè nou malad.*

Kisa ou wè nan imaj ki nan dezyèm ranje a?

Repons yo ka : *Fason pou prepare repa a avèk anviwon 1/3 tas dlo pwòp/potab ki vide nan yon soukoup oswa bòl pwòp. Avèk yon kiyè pwòp, ajoute 3 kiyè MannaPack® Pòmdetè-D. Mele yo avèk yon kiyè jiskaske manje a vin pran fòm yon labouyi.*



Vèsyon 12/2022



MannaPack® Pòmdetè-D

Ki kantite MannaPack® Pòmdetè-D ki dwe sèvi



Vèsyon 12/2022

KONSEP:

MannaPack® Pòmdetè-D se yon manje ki suiv konsèy tipik sou rejim pou moun ki gen dyare. Li pa dwe itilize pou nourir moun ki pa gen dyare. Sonje sewòm oral se sa ki pi enpòtan epi yon moun ki gen dyare dwe kontinye manje manje kap anpeche dyare a vin pi mal.

Manje ki rekòmande pou moun ki gen dyare fasil pou dijere, tankou pòmdetè ak diri, avèk bagay ki gen pwoteyin, tankou volay yo ak lòt manje ki gen anpil vitamin ak mineral, espesyalman fwi tankou pòm ak pwa. Manje saa yo ede redui sentom dyare a yo, tankou pèt likid ak eleman nitritif, pandan yap ede remete nan kò a eleman nitritif ki ka te pèdi nan dyare a.

Pwiske MannaPack® Pòmdetè-D suiv konsèy dyetetik pou ede jere sentom dyare yo, yo dwe itilize l sèlman pou moun ki gen dyare. Kantite fwa ki rekòmande pou sèvi l la depann de laj moun lan. Chak fwa yo sèvi l li dwe anviwon 1/3 tas melanj ki prepare a ki gen ladan l apeprè 3 kiyè melanj sèch la nan chak sa kap sèvi a.

- Pou timoun 6-12 mwa, kantite ki sèvi a pa dwe depase 4 fwa pa jou.
- Pou timoun 1-4 lane, kantite ki sèvi a pa dwe depase 6 fwa pa jou.
- Pou timoun ki gen plis ke 4 lane e granmoun yo, yo ka ba yo jiska 8 fwa nan yon jounen.

Yo dwe ajoute lòt manje sou rejim lan depi l pap deranje yo, sa vle di ki pap fè sentom dyare a vin pi mal. Lè dyare a fin ale, yo pa dwe itilize MannaPack® Pòmdetè-D ankò.

PINGA NOU BAY MANNAPACK® PÒMDETÈ-D A OKENN MOUN KI PA GEN DYARE!

GUID POU FÒMATÈ:




Kisa ou wè nan imaj saa yo?

Repons yo ka:

- *Imaj saa yo montre ke yon ti bebe ka sèvi jiska 4 fwa pa jou, yon timoun piti ka pranl jiska 6 fwa pa jou, yon timoun ki pi gran oswa yon granmoun ka pran l jiska 8 fwa nan yon jounen.*
 - *Lè moun lan pa gen dyare nou dwe sispann ba li pwodui MannaPack® Pòmdetè-D a. MannaPack® Pòmdetè-D dwe selman itilize pou moun ki gen dyare. Li gen ladan kalite manje Ki rekòmande pou ede redui sentòm dyare yo.*
- PINGA NOU BAY MANNAPACK® PÒMDETÈ-D A OKENN MOUN KI PA GEN DYARE!**



Vèsyon 12/2022



MannaPack® Pòmdetè-D